



Pou Piblikasyon Imedya: 14/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE ELIMINASYON ISTORIK RETA NAN SÈTIFIKASYON POU BIZNIS MINORITE AK FANM YO POSEDE NAN NEW YORK

Gouvènè a garanti investisman 11 milyon dola nan bidjè ane fiskal 2023 a pou amelyore efikasite nan sètifikasyon MWBE yo ak redui tan datant sètifikasyon yo

Gouvènè a anonse tou itilizasyon nasyonal MWBE nan kontra Eta New York pou twazyèm ane youn apre lòt

Rapò anyèl MWBE a disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te selebre eliminasyon reta nan sètifikasyon New York ki dire plizyè ane pou antrepriz biznis minorite ak fanm yo posede apre yon investisman transfòmatè 11 milyon dola Gouvènè a te garanti nan bidjè ane fiskal 2023 a pou amelyore efikasite sètifikasyon an. Etap enpòtan istorik la, yo te anonse nan Fowòm MWBE New York la nan Albany, vle di Divizyon Devlopman Biznis Minorite ak Fanm Posede (Division of Minority- and Women-Owned Business Development, DMWBD) nan Empire State Development pral opere san yo pa gen yon reta nan aplikasyon sètifikasyon pou premye fwa nan plizyè dizèn ane.

Gouvènè Hochul te anonse tou ke Eta New York te depase objektif li pou itilizasyon MWBE nan kad kontra Eta New York ak yon to itilizasyon 32.30 pousan pandan ane fiskal 2023 a, to itilizasyon MWBE ki pi wo nan peyi a pou yon twazyèm ane youn dèyè lòt. Yo te akòde apeprè 3 milya dola kontra Eta a bay antrepriz MWBE yo pandan peryòd ane fiskal 2023 a, ak prèske 29 milya dola nan kontra eta a yo te bay MWBE yo depi 2011. Dènye done yo disponib [isit la](#) nan Rapò MWBE 2023 a.

"Reta nan sistèm MWBE a te abizif, li te enjis, epi kounye a li fè listwa. Biznis minorite ak fanm posede yo enpòtan anpil pou siksè ekonomik alontèm New York, epi mwen te fè li yon pi gwo priyorite pou finalman mete fen nan reta a pou antreprenè sa yo ka gen zouti yo bezwen pou grandi ak pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York ap ogmante investisman enpòtan pou bay pwopriyete biznis minorite ak fanm yo otonomi, atenn itilizasyon MWBE san parèy, epi konstwi yon anviwònman biznis ki pi ekitab ak pi enklizif".

Nan mwa out 2021, Gouvènè Hochul te eritye yon gwo reta nan sètifikasyon MWBE avèk plizyè milye aplikasyon annatant apwobasyon. Nan moman sa a, revizyon ak tretman aplikasyon an ta ka pran jiska 499 jou.

Nan kad angajman Gouvènè Hochul pran pou sipòte MWBE yo, Gouvènè a te pwopoze yon revizyon pwogram MWBE New York la nan diskou Eta Leta 2022 li a epi li te garanti yon investisman 11 milyon dola nan bidjè ane fiskal 2023 a pou diminye tan datant pou sètifikasyon yo epi elimine reta nan sètifikasyon. Avèk resous Gouvènè Hochul te founi yo, ESD te devlope yon plan ki gen plizyè pati pou elimine reta ki te kòmanse nan dat 1 fevriye 2023, ki te gen ladann amelyorasyon pou optimize kantite aplikasyon yo, nouvo zouti amelyore pou swiv ak kontwole pwogrè aplikasyon yo; revizyon asirans kalite pou asire konsistans avèk règleman yo; ogmantasyon nan kantite anplwaye; ak plis fòmasyon pou analis yo. ESD te etabli ekip espesyalize tou pou revize sètifikasyon yo pa faz – youn vize aplikasyon aktif ak yon lòt ap jere sa yo soumèt ki pa revize yo.

Julissa Gutierrez, Ofisye Divèsite An Chèf New York, te deklare, "Gouvènè Hochul te kenbe yon angajman fèm pou asire ke ekonomi New York la non sèlman ap grandi, men tou li enkli anpil kominote ki fè eta nou an enteresan konsa. Anba lidèchip li, pwogrè MWBE New York la te wè pwogrè san parèy, epi gras a finansman li te garanti, eliminasyon reta nan sètifikasyon MWBE a pral mete plizyè milye biznis New York sou wout siksè".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Amelyore pwosesis sètifikasyon an ak elimine reta nan sètifikasyon MWBE a ouvri pòt pou kwasans ekonomik ak avansman pou Biznis Minorite ak Fanm Posede yo atravè Eta New York. Lè nou retire obstak sistemik yo, nou pèmèt divès biznis ak antreprenè reyalize tout potansyèl yo, ankouraje kreyasyon travay lokal yo, ankouraje nouvo investisman, ak kiltive devlopman ekonomik nan tout eta a. Mwen vle remèsye Gouvènè a paske li fè sa a yon priyorite ak ekip ESD devwe nou an kote travay san pran souf yo te rann li posib".

Eliminasyon istorik reta nan sètifikasyon MWBE a fè pati yon pi gwo efò Gouvènè Hochul fè pou ranfòse pwogram MWBE New York la. Ane pase a, Gouvènè a te siyen lejislasyon pou amelyore pwogram lan nan anpeche fwod ak abi nan pwogram nan, sa ki pèmèt biznis yo sèvi ak devlopman MWBE ak lajan pwogram prè a pou refinance dèt ki egziste deja, epi li otorize Vil New York pou bay MWBE yo kontra ki rive jiska 1 milyon dola san yon pwosesis konpetitif fòmèl. Anplis de sa, Eta New York te atenn to itilizasyon MWBE ki pi wo nan nasyon an pandan twa ane ki sot pase yo youn dèyè lòt.

Pou aprann plis sou kijan pou w vin MWBE sètifye, vizite: <https://esd.ny.gov/doing-business-ny/mwbe>

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)